



Pou Piblikasyon Imedya: 25/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN YON LEJISLASYON POU YON PLAK K AP ONORE GADYEN KI TE MOURI NAN ENSANDI KAPITÒL LA AN 1911

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen yon lejislasyon (A7731/S5570) pou bay Biwo pou Sèvis Jeneral la (Office of General Services, OGS) lòd enstale ak kenbe yon plak nan Kapitòl la k ap onore Samuel J. Abbott, gadyen ki te pèdi lavi li a nan ensandi Kapitòl Eta New York la nan lane 1911.

“Samuel J. Abbott te sèvi nasyon li epi mouri nan sèvis eta sa a, epi plak sa a ap yon lonè apwopriye pou lavi li ak evènman trajik yo kote li te pèdi li”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ensandi sa a se te yon pati enpòtan nan listwa Kapitòl la, epi mezi sa a pral ede garanti yo kontinye rakonte istwa sa a epi yo kontinye sonje Samuel Abbott”.

Ensandi istorik la te kòmanse nan Bibliyotèk Asanble a (Assembly Library) nan twazyèm etaj, epi li te gaye byen vit nan Bibliyotèk Eta a (State Library) sou kote a epi apre sa te devore katriyèm ak senkyèm etaj yo pou detwi mwaye sifas etaj sa a yo sou bò nòdwès Kapitòl la, tandiske etaj pi ba yo te sibi sitou dega dlo ak lafimen. Avèk liv ak etajè an bwa ki t ap alimante dife a, flanm yo te monte anlè Gran Eskalye Lwès la (Great Western Staircase) ke yo rele tou Eskalye “Milyon Dola a (Million Dollar)” rive nan katriyèm etaj la ak de tou yo. Yo estime ensandi sa a, ki dire plizyè jou, detwi plizyè milye liv ak maniskri ak atefak nan Mize Eta New York la (New York State Museum) ak Bibliyotèk Eta a.

Samuel J. Abbott te yon veteran Gè Sivil ki te travay kòm gadyen denwi pou Bibliyotèk Eta a, ki te nan Kapitòl la. Nan dat 29 Mas 1911, pandan li te de sèvis, Mesye Abbott te mouri nan ensandi an. Se te sèl moun ki te pèdi lavi li poutèt ensandi an. Yo te jwenn li nan yon ti koridò nan katriyèm etaj la avèk yon badin manch annajan bò kote li. Nan pòch li te gen kle yon pòt bloke yon ti kal ki lwen li, kote li te kapab pase pou chape. Plak sa a pral komemore lavi Mesye Abbott ak pèt lavi li pandan li t ap sèvi Pèp Eta New York la. Plak la ap gen foto Mesye Abbott sou li epi l ap gen yon deskripsyon sèvis li yo ak sakrifis li an pou Pèp Eta a.

Komisè Biwo pou Sèvis Jeneral yo la (Office of General Services, OGS), RoAnn Destito, te di, “Nou menm nan Biwo pou Sèvis Jeneral la ap onore mete yon plak komemoratif nan chanm lejislatif New York la pou rann omaj a Samuel J. Abbott, gadyen denwi ak fonksyonè piblik 78 an ki te mouri nan ensandi Kapitòl la an 1911. Kapitòl la chaje listwa, epi mwen ankouraje tout moun pou yo vini epi vizite cham lejislatif la pou wè plak la lè yo fin mete li anlonè Mesye Abbott epi pou yo aprann sou tout lòt atraksyon istorik ak ekspozisyon espesyal ki genyen yo nan bijou achitekti 19yèm syèk sa a”.

Senatè Catharine M. Young te deklare, “Rekonesans Samuel Abbott, ki te yon ewo Gè Sivil ak yon fonksyonè piblik depi lontan, kounye a fè pati lwa Eta New York gras a dekrè ofisyèl sa a Gouvènè Cuomo siyen jodi a. Sèvis ak sakrifis Gadyen Abbott pou pèp New York la, ki konbine avèk ensandi Faktori Triangle Shirtwaist la kèk jou anvan sa, te kòmanse mouvman pou sekirite nan lye travay la nan eta a ak nan tout nasyon an. Lavi li ap komemore pou toujou kounye a bò kote li te mouri an nan katriyèm etaj Kapitòl la”.

Manb Asanble Patricia Fahy te deklare, “Malgre Kapitòl Eta nou an plen listwa, yo neglije pandan 100 lane sèl moun ki sakrifye lavi li pandan li t ap gade Kapitòl la, donk plak sa a pral komemore angajman li ak sèvis li. Mwen fyè dèske mwen prezante lejislasyon sa a epi mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo dèske li siyen mezi sa a pou fè li vin lwa”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418